

## Ramona Quimby, 8 an



Yon dimanch aprèmidi lapli t ap tonbe. Pafwa li toujou **sonb** nan mwa novanm. Ramona twouve dimanch sa te pi sonb pase tout lòt yo. Li pwoche bò fenèt nan salon an pou li gade branch bwa yo k ap **grifonnen** fil elektrik yo devan kay la. Ramona rayi vye jou sa yo. Tout moun nan fanmi an p at gen bon jan, yo te byen dekoraje. Ramona t ap panse pito ak yon jounen **ansoleye**, a **twotwa** san dlo pou li monte **paten** l, anfen ak yon fanmi ki kè kontan.

“Ramona ou pokò netwaye chanm ou fen semenn sa a; epi tou pa apiye nen ou sou fenèt la. L ap kite mak sou li.”

Madan Quimby di, ki li menm chita sou yon **divan** pandan l ap triye yon pil **fakti**.

Ramona santi tout sa li fè p at bon. Tout fanmi an te an **zindekontraryete**. Ou ta di menm chat la tou. Madan Quimby fè yon soupi, li leve e fè plas pou chat la sòti deyò. Beezus tankou yon **pongongan** k ap swiv moun de salon a kwizin ak yon sèvyèt e yon boutèy chancou nan men l epi tou lave cheve l nan **evye** nan kwizin nan.

Mesye Quimby li menm ap etidye nan sal a manje a bò tab la avèk yon kreyon, l ap fè **madigridi** sou yon moso papye.



fenèt

Madan Quincy raple Ramona pou li ale netwaye chanm li ankò. "Beezus pa netwaye chanm pa li an tou" Se sa Ramona reponn Madan Quincy. Manman raple I li p at ap pale de Beezus. Ramona p at janm retire kò I bò fenèt la. Netwaye chanm li pa yon priyorite pou li paske li pa amizan e li raz, pandan yon apremidi lapli ap tonbe. L ap panse plito ak tout lòt aktivite li ta renmen fè tankou sote kòd, jwe yon enstriman mizik, monte ba fisk pou konpetisyon pandan anpil moun ap aplodi l.

Ramona di manman I li te gen move jan, paske li p at vle kite Beezus al dòmi kay Mary Jane avèk anpil lòt ti zanmi l. Ramona mande madan Quincy "Poukisa Beezus pa kab ale?" Manman I repond: "Paske lè I tounen lakay li, li toujou fatige e **tyak** e anplis, li rann lavi tout moun **miserab.**"

Ramona konn ale lakay Madan Kemp apre lekòl pou l fè lekti a wòt vwa e jwe ak Willa Jean. Pou Ramona liv yo te **raz** paske li te li istwa yo plizyè fwa deja. Papa Ramona, Mesye Quincy bouke tandé tout moun nan kay la ap plenyen. Li di tout fanmi an pral manje nan yon restoran, e yo pral renmen sa tou. Se te yon lòd! Tout moun te trèsipri e ap mande sak pase. Yo pa ale manje nan restoran depi plizyè mwa. Ou kwè nou gen mwayen pou nou fè sa? Manje nan restoran "WhopperBurger" a bon anpil. Fanmi an te senpleman bezwen yon ti chanjman. Tout moun santi yo kontan, toudenkou yo vin byen youn ak lòt.

Lè yo rive nan restoran an te genyen yon mesye granmoun ki te la. Li salye Ramona e poze l yon keksyon: "Ti madmwazèl èske ou saj ak manman w?" Ramona p at konnen si pou li reponn, li t ap di nan tèt li mesye a p at gen dwa poze l keksyon sa sa. Ramona eskive keksyon an lè **sèvez** a vin rele yo pou y al

chita sou tab. Beezus te **entrige**, li ta renmen konnen repons Ramona ta pral bay mesye a. Konsa li mande Ramona. Ramona di l “li pa dwe pale ak etranje.” “Manman n ak papa n avèk nou.” Beezus di l.

Lè yo finalman chita. Mesye Quincy pran meni a e di “Nou pral souri ak tout moun e amize nou, menm si sa ap touye nou.” Ramona twouve l chita an fas mesye granmoun nan, li bay l yon rega e mesye a reponn ak yon gès **touye je** li p at renmen. Ramona te k ap li meni an, se konsa li te wè anba paj la “Timoun anba douz an gen pou yo ti pwason fri, pye poul ak “hot dog.” Pou Ramona se te tankou manje nan kafeterya lekòl la. Li p at renmen sa. Anlè paj la granmoun yo gen chwa tankou: “hamburger”, pòmdetè fri, , “ chili,”(soup pwa) steak Ramona mande papa l si li ka kòmande yon manje granmoun. Papa l di wi. Yo kòmande “hamburger” ak pòmdetè fri pou Ramona, “cheeseburger” ak pòmdetè fri pou Beezus ak manman l e “hamburger ak “chili” pou papa l. Se te pi bon manje Ramona te ka manje.



Hamburger, pòmdetè fri



Cheeseburger



chilli (sòs pwa)

Mesye granmoun nan t ap pale ak sèvez la. Ramona p at ka tandé sa yo t ap di. Lè l te lè pou yo ale, Papa l mande pou fakti a pou l ka peye. Sèvez la yon ti jan anbarase e li ezite pou l di fakti a déjà peye. Fanmi an etone e y ap mande ki moun ki peye pou yo. “Te gen yon mesye granmoun nan restoran an ki sonje fanmi l. Li kwè fanmi Quimby an se yon bon fanmi. Se konsa li peye pou manje nou t ap manje a.” Fanmi Quinby p at aji tankou yon pi bon fanmi pase sa pandan jounen an. Apre sa, madan Quinby di: “Nou se yon bon fanmi vre. Sa k rive a, pa gen moun ki gen bon jan tout tan.” Se te yon bon fason pou yo te fini jounen an. Men Ramona te konnen fanmi an ta pral rekòmanse plenyen ankò nan demen.

## Aktivite

### Mwen Konprann tèks la

1. Kijan otè a konpare atmosfè nan kay la ak tan fanmi an pase deyò a nan kòmansman jounen an?
2. Poukisa Ramona di manman I Beezus p at netwaye cham pa l tou?
3. Konpare sa Ramona ta renmen fè si lapli pa t ap tonbe ak sa li sipoze fè jou dimanch aprèmidi sa a?
4. Dekri ide prensipal ki nan istwa a e pale de kijan Ramona santi li pandan tout istwa a?
5. Atmosfè nan kay la p at agreyab daprè Mesye ak Madan Quinby. Kijan otè a fè ou konnen sa?
6. Pouki Ramona santi tout sa l fè p at bon?
7. Poukisa Ramona p at santi l konfòtab lè mesye gramoun nan poze li keksyon sa a? .... “Ti madmwazè èske w saj ak manman ou?”
8. Esplike pouki Mesye Quinby di nan restoran an fraz sa a? .... “Nou pral souri ak tout moun e amize nou, menm si sa ap touye nou.”
9. Pouki mesye gramoun nan panse fanmi Quinby a se yon bon fanmi? Li p at menm konnen yo.
10. Poukisa nan fen istwa a Ramona di: “Fanmi an pral rekòmanse plenyen le landemen.”

### Ann nou reflechi sou tèks la

1. Poukisa daprè ou menm otè ekri istwa sa a?
2. Ki pwoblèm fanmi Quinby t ap konfronte?
3. Kijan pwoblèm nan istwa a te rezoud?
4. Pouki mesye Quinby deside al manje nan restoran ak fanmi an?
5. Konpare fanmi Quinby anvan yo t al nan restoran ak apre yo fin manje nan restoran an? Sipòte repons ou avèk fè e detay ou pran nan istwa a.

## Aktivite pou diferan tip tanperati

Mande timoun yo ki aktivite yo fè, e ekri yo sou tablo an.

Kalite tanperati	Aktivite amizan
Lè li fè cho 	
Lè gen solèy 	
Lè li fè frèt 	
Lè lapli ap tonbe 	

### Gramè:

1. Eksplike elèv yo sa yon **advèb** ye. Fè yo fè fraz ak advèb sa yo:

Abò – abondans – okouran – absoliman – ankò – agogo - lwen

2. Fè timoun yo site kèk chanm nan kay la, sa ou jwenn ladan yo, kisa ou fè nan chanm sa yo.

Chanm	Sa ou jwenn	Sa ou fè ladann
<b>Salon</b>		
<b>Kwizin</b>		
<b>Chanm a kouche</b>		
<b>Sal de ben</b>		

### 3. Diferan kalite restoran

Divize elèv yo an gwoup, bay chak gwoup non yon restoran e fè yo idantifye kalite manje nou jwenn nan restoran sa a.

Pitza	MacDonald	Chinwa	Meksikan	Italyen	Ayisyen

### Ekriti:

1. Nan istwa a te gen hamburger, pòmdetè fri. Ki manje ou pi renmen? Si ou t ap kòmande de manje kilès ou ta chwazi? E poukisa?
2. Kijan ou santi w lè lapli ap tonbe? Èske ou santi w kontan osinon tris? Kisa w renmen fè lè lapli ap tonbe?